



Pou Piblikasyon Imedya: 31/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO VOYE YON LÈT BAY PREZIDAN TRUMP POU MANDE L
ENTÈVENI NAN KAD PLAN FISKAL FEDERAL LA KI VRÈMAN ENJIS
POU ETA NEW YORK**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye yon lèt bay Prezidan Donald J. Trump pou kondane plan fiskal federal la k ap elimine oswa redui dediksyon fiskal onivo leta ak lokal, epi pou mande Prezidan an pa sèvi ak New York tankou yon ja lajan pou lòt eta yo.

Men tèks lèt la:

Chè Prezidan Trump,

Lèt sa a, se konsènan yon pwoblèm ki afekte tout Ameriken: lejislasyon fiskal federal ki annatant la. Mwen pa ekri w antanke yon Gouvènè Demokratik k ap adrese l a yon Prezidan Repibliken. Non. M ap ekri w antake ke moun New York k ap ekri yon lòt moun New York, e mwen konnen nou toulède renmen New York e renmen tout peyi an. Trè souvan, lè m ap pale de lejislati Eta New York la, mwen di, “Nou se Demokrat e nou se Repibliken, men sa ki pi enpòtan, nou se moun New York”.

Jan ou konnen trè byen, yo atann aske Chanm nan pibliye plis detay sou plan “rediksyon fiskal” la semèn sa a, e sa vle di anfèt, se yon plan “ogmantasyon fiskal” pou eta tankou New York. Pwopoziyon aktyèl la, anfenkont, fè New York ak California tounen ja lajan pou redui taks lòt eta yo. Lè li elimine oswa redwi dediksyon fiskal onivo leta ak lokal, Washington pase fanmi klas mwayèn New York yo, ansanm ak ekonomi nou an, yon souflèt mòtel.

Mwen konnen se politik k ap fèt. California ak New York yo se “eta ble” yo ye. Mwen konnen tou ke kat jeyografi politik la montre nou pi fò manm Repibliken nan Kongrè an soti andeyò Kot Nòdès ak Lwès yo; sa yo vle toutbon vre, se ede eta pa yo a tou pri, menm si se odetriman klas mwayèn New York la. Men, lè ekonomi New York ak California alabès, jan sa pral rive nan ka sa a, tou pa rès peyi a dèyè.

Li klè sa a se yon zak politik ostil ki vize a detwi ekonomi New York, san pa gen rezon pou sa. Premyèman, taksasyon doub sa a ilegal e enkonstitisyonèl, e li fòse fanmi klas mwayèn nan sibvansyone yon rediksyon fiskal pou tout rès peyi a; li ale alankont prensip Pati Repibliken an te toujou pwomouvwa. Dezyèmman, li defèt tout pwogrè

toulède pati yo te fè nan Eta New York, lè yo te bese taks nan ane ki sot pase yo. Nou te bese taks sou revni eta a, mete yon plafon pou enpo lokatif, e nou te fòse gouvènman lokal la pran an kont sèvis pataje yo; kounye a, zak federal sa a pral kraze tout pwogrè sa yo epi anfenkont ogmante taks yo. Si nou elimine dediksyon fiskal onivo leta ak lokal, sa ap lakòz yon ogmantasyon fiskal 5,660 dola an mwayèn pou yon kontribyab sou twa nan New York, ki vle di 3.3 milyon moun New York.

Plan fiskal sa a ap fè nou fè mach aryè, e gen anpil moun ki pa dakò avèk li, pami lèkèl plizyè Repibliken nan Sena a. Prezidan Finans Sena a, Orrin Hatch, te di, “Mwen pa panse sa pral mennen ankenn kote”, epi li te ajoute dediksyon fiskal onivo leta ak lokal se “yon sistèm ki te mache trè byen”. Poutèt refoulman sa a, lidèchip Repibliken an kounye an ap eseye kreye yon plan pou sove lafas, ke yo rele yon “konpwomi”. Konplo y ap fè se pèmèt yon dediksyon fiskal sou pwopriyete, men elimine dediksyon fiskal sou revni leta yo. Pou fanmi klas mwayèn New York yo, pèdi dedikasyon sa a t ap lakòz yon ogmantasyon fiskal 1,715 dola an mwayèn. E lè ou gade pwopozisyon federal orijinal la ta pral koute kontribyab Eta New York 18.6 milya dola, se pa kòm si “konpwomi” sa a ap ede eta nou nonplis: I ap koute kontribyab Eta New York yo prèske 15 milya dola.

Yon lòt “konpwomi” yo te sijere, se kote se sèlman moun ki fè gwo lajan ki t ap pèdi dedikyon an onivo leta ak lokal. Sa, se yon loto yo te kapab al jwe sou 42nd Street nan Manhattan. Moun New York pa egare. Nou konnen si yo elimine dediksyon an pou moun ki fè gwo lajan, sa pral afekte tout moun: sa pral fòse moun sa yo kite New York, epi y ap pran lajan yo avèk yo, sa k ap ogmante taks pout lòt moun. New York p ap nan pozisyon pou li redui taks leta yo paske pwopozisyon orijinal la, ansanm ak konpwomi yo pwopoze a, pral fòse kontribyab ki peye plis taks yo kite New York, sa ki pral redui kantite lajan leta rantre. Jan ou konnen an, senk pousan nan kontribyab Eta New York yo reprezante prèske de tyè revni fiskal nou chak ane.

Mwen konprann poukisa Paul Ryan ap eseye fè New York mal, men lè li mande manm Repibliken Kongrè New York lan vote pou ogmante taks elektè yo, sa se yon trayizon kont eta yo ak elektè yo. Anfèt, gen sèt sou nèf Repibliken New York yo ki kont plan an. De reprezantan ki sipòte li—Manm Kongrè Collins ak Reed—se wòl Benedict Arnold y ap jwe pou epòk pa yo, paske yo mete pwòp enterè politik yo devan enterè elektè yo.

Sèl jistifikasyon Depite Ryan genyen, sèke lòt eta yo sibvansyone New York. Li nan lerè. Se pa vre ditou. Okontrè. New York sibvansyone tout lòt eta nan peyi an. New York se eta ki bay plis lajan, ki vle di nou voye 48 milya dola taks anplis bay gouvènman federal lan, an konparezon ak sa ki tounen nan pòch nou pou depans federal.

An nou remake, se pa premye fwa moun gen lide piye New York ak California pou voye richès yo bay lòt eta yo. Kongrè te eseye fè sa sou Prezidan Reagan deja, men kalite enjistis sa a, menm fonksyonè ki te san pitye osen toude pati yo te di non. Pwopozisyon jodi a pa diferan. Reprezantan Kongrè nou yo ta dwe di li lè li tan pou moun New York rantre lajan yo. Olye de sa, pwopozisyon aktyèl la t ap pran plis lajan toujou nan men eta ki bay plis kòb la. Se yon enjistis.

Pa gen konpwomi posib. Anfèt, nenpòt kilès nan “konpwomi” yo pwopoze yo ap detwi ekonomi New York e kraze klas mwayèn nan. Nou pa dwe elimine dediksyon yo ditou. Pa gen “konpwomi”, e pa dwe gen plafon sou taks onivo leta e lokal.

*New York bezwen èd ou. Ou ka met fen nan bagay sa a. Pa sèlman antanke Ameriken,
men antanke moun New York.*

Sensè Salitasyon,

Gouvènè Andrew M. Cuomo

Cc:

*Lidè Majorite Sena Mitch McConnell
Depite Lachanm Paul Ryan*

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418